

NZIRA ITSVA YEKURARAMA NAYO



Kunzwisisa Zvinoreva Kugamuchira Kristu

JOYCE MEYER

#1 *NEW YORK TIMES* BESTSELLING AUTHOR

Unless otherwise indicated, all Scripture quotations are taken from *The Amplified Bible (AMP)*. *The Amplified Bible, Old Testament*, copyright © 1965, 1987 by the Zondervan Corporation. *The Amplified New Testament*, copyright© 1954,1958,1987 by The Lockman Foundation. Used by permission.

Copyright © 2007 Joyce Meyer
All rights reserved.

FaithWords
Hachette Book Group
237 Park Avenue, New York, NY 10017
Visit our Web site at www.twbookmark.com.

The FaithWords name and the FaithWords logo is a trademark of Hachette Book Group, Inc.

The author would like to acknowledge that the story used in chapter 3 on pages 11-13, is an original sermon illustration by Dr. Monroe Parker and is used by permission of Gospel Projects Press, P.O. Box 643, Milton, FL 32572; copyright 1977. www.childrensbibleclub.com

Printed in the United States of America
First Edition: December 2006
10 9 8 7 6 5 4 3 2 1

Library of Congress Cataloging-in-Publication Data
Meyer, Joyce
A New Way of living: understanding what it means to accept Christ /
Joyce Meyer. -1st ed.
p. cm.

ISBN-13:987-0-446-58155-4
ISBN-10: 0-446-58155-0
1. Christian Life. 1. Title

**Joyce's messages can be viewed in a variety of languages at
tv.joycemeyer.org**

A New Way of Living - Shona
Not for Resale

ZVINYORWA



1. Sarudzo Yakakosha Yaungaita	4
2. Tose Takatadza	7
3. Yava Nguva Yekuzvipira	12
4. Nzira Itsva Yekurarama Nayo	17
5. Nzira Itsva Yekufunga Nayo	23
6. Nzira Itsva Yekutaura Nayo	28
7. Nzira Itsva Yekuzvitarisa Nayo	32
8. Kutsinhanisa Kutya Nekutenda	36
9. Iva Nemufaro Muhupenyu	39
Munamato Weruponeso	42
Nhoroondo yeMunyori	43

Chitsauko 1



SARUDZO YAKAKOSHA YAUNGAITA

✿ Une kusagutsikana nehupenyu hwako here? Kana zviru saizvozvo, hausiri woga. Vanhu vazhinji vaneta, varukutika, vapererwa uyezve havasikugutsikana. Vamwe vakaedza kuita chinamoto vachitsvaga mhinduro pane zvinovanetsa vopedzisira vatozviremedza nemirairo isina hupenyu, isina maturo yavaisatokwanisa ku-chengeta. Kana wakaedza chinamoto hazvirevi kuti waedza kupa Mwari mukana wekuti vapindire muupenyu hwako hwakashama, uzere nokushungurudzika nekuzvipomera mhosva.

Kana uchitsvaga rudo, uyezve uchitsvaga shamwari, uchida kuti zvivi zvako zvire-gererwe, uchitsvaga ramangwana rakajeka... Jesu Kristu ndiye mhinduro. Aka-mirira kuti akupe hupenyu hutsva uyezve kuti akuite chisikwa chitsva.

Kana usingagutsikane nehupenyu hwako, pane zvaunofanira kushandura. Kana tikaramba tichiita zvinhu zvimwe chete zvatagara tichiita, tinoramba tichingova nehupenyu hwatanga tingori nahwo. Unofanira kuita sarudzo, inova sarudzo yakakosha zvikuru yausati wamboita.

Sarudzo iyi yakakosha kudarika basa rako, kana kwaungaitira zvidzidzo zvako, kana waungaroora, kana kuti mavandudziro ungaita mari yako kana nzvimbo yaungagara. Sarudzo iyi inechekuita neupenyu

husingaperi. Hupenyu husingaperi inguva isina mugumo, mumwe nemumwe wedu anofanira kuziva kuti nguva iyoyo painokwana tinenge tiripi. Mushure merufu kune upenyu. Paunofa hazvirevi kuti hauchararami, zvinongoreva kuti wave kurarama kune imwe nzvimbo. Zvakanzi kufa kwakafanana nekupinda pamukova unotenderera. Kungobva pane imwe nzvimbo uchienda kune imwe.

Unoda kuva neukama naMwari uripano panyika nekugara navo nekusingaperi here? Kana zviri saizvozvo, unofanira kugamuchira Jesu Kristu semuponesi wako. Tose takatadza naizvozvo tose tinoda Muponesi. Mwari vakatuma mwanakomana wavo ari iye oga kuripa mhosva yezvivi zvedu. Akaroverwa pamuchinjikwa akadeura ropa rake risina mhaka semuripo wekutadza kwedu. Akafa akavigwa, asi nezuva retatu akamuka kubva kuvakafa. Zvino agere kurudyi rwaMwari baba ku-musoro kudenga. Ndiye oga tariro yako yekuti uve nerugare, uve nemufaro uyezve uve wakarurama pamberi paMwari.

Kuti tiponeswe kubva muzvivi zvedu, Bhaibheri rinotidzidzisa kuti tinofanira kupupura nekubvuma kuti Jesu ndiMwari, uye tinofanira kutenda mumoyo yedu kuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa.

“Kuti kana ukapupura nomuromo wako kuti, “Jesu ndiye Ishe” uye ukatenda mumwoyo mako kuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa.” – VAROMA 10:9

Kutenda kwerudzi urwu kunodarika kubvuma kwepfungwa, kune kurevesa kwe-moyo. Vanhu vazhinji vanotenda kuti kunaMwari asi havasati vapa hupenyu hwa-vo kwaari. Mwari ndiye muvambi weupenyu, anoda kuti udzosere upenyu hwako kwaari nemoyo unoda uye unemufaro. Mwari vakakusika uine simba rekusarudza zvaunoda, naizvozvo havazokumanikidze kuti uvasarudze. Asi kuvasarudza kana kusavasarudza kunozoonekwa nemamiriro ehupenyu hwako uri pano panyika, uye ndizvo zvicharatidza kuti hupenyu husingaperi uchahurarama uripi kana wafa.

Ungati urikukwanisa kuronga upenyu hwako wega here? Kana

zvisizvo wadii kupa hupenyu hwako kune uyo akakusika anoziva nezvako kudarika kuziva kwaunozvii-ta? Kana ndikatenga motikari ikatanga kunetsa, ndinodzokera nayo kune avo vakaigadzira kuti vaigadzirise. Ndizvo zvimwe chete naMwari. Ndivo vakakusika uye vanokuda zvikuru. Kana hupenyu hwako husingakufadzi enda nahwo kwavari kuti vahugadzirise.

Sezvandambotaura kumashure, hapana chinoshanduka kunze kwekunge waita sar-udzo. Unoda kuva mukristu here? Wagadzirira kuzvipira kuna Mwari here, kwete zvivi zvako chete asi nehupenyu hwako? Wagadzirira kusiya nzira dzako dzakaipa here, nekudzidza kurarama hupenyu hutsva muna Mwari uchivaramira ivo? Kana zviri saizvozvo, ramba uchiverenga nekuti kune upenyu hwakakumirira hunodarika zvaungafungidzira. Huripo kuna vose. Hapana anosara kunze. Izvi ndizvo zvinotaura Mwari nokuda kweramangwana rako:

“Nokuti ndinoziva urongwa hwandinahwo pamusoro penyu,” ndizvo zvinotaura Jehovha, “urongwa hwokuti mubudirire, kwete kukuitirai zvakai-pa, urongwa hunokupai tariro neramangwanarakanaka.” – JEREMIYA 29:11

Hapana angakuitira sarudzo. Sarudzo ndeyako woga womene. Ungada kurarama hupenyu hwakanaka zvakadini? Ungada here kutevedzera mararamiro anoitwa mumaruwa atigere mazuvano? Shoko raMwari rinoti nokuti hatina kuuya nechinhu panyika, uyewo hatikwanisi kubva nechinhu panyika (1 Timoti 6:7). Mwari ndivo Arifa naOmega, wokutanga newokuguma. Mumwe nomumwe wedu achamira pamberi paMwari achazvidavirira nezveupenyu hwake (VaRoma 14:12). Nguva yekuzvigadzirira ndiyo ino. Ndinogara ndichitaura kuti “Kugadzirira kana kwete, Jesu vari kudzoka”, Gadzirira ikozvino, ita sarudzo yakanaka nhasi nekuti nguva iri kupera.

Chitsauko 2



TOSE TAKATADZA

✿ Chivi zvinoreva kusaremekedza zvinodiwa naMwari uchiziva. Tose takatadza. Hapana munhu asina kumbotadza pano pasi. (VaRoma 3:23, Muparidzi 7:20). Iyi ndiyo nhau yakaipa, asi kune nhau yakanaka. Tose tinokwanisa kuregererwa uye nekururamiswa pana Mwari.

Nokuti vose vakatadza uye vakasavika pakubwinya kwa-Mwari.

[Vose] vanoruramisirwa nyenyasha (Ngoni dzaMwari zhinji) kubudikidza nokudzi-kinura kuri muna Kristu Jesu.

– VAROMA 3:23-24

Jesu vakatoripira zvivi zvedu. Zvatinofanira kungoita kutenda nekumugachira. Ukareurura zvivi zvako nekumbira ruregerero uchibva wasiya zvakaipa, Mwari vanokuregerera vobva vakuita chisikwa chitsva.

Kana tichireurura [nemwoyo unoda] kuti takatadza nekupupura zvivi zvedu, Iye akatendeka uye akarurama [zvinova chokwadi chake nekuvimbisa kwake], uye achatikanganwira zvivi zvedu [kubvisa kudarika kwedu] agotinatsa pakusarurama kwose [zvose zvisakafanira pamberi paMwari pamamiriro, mupfungwa nemuzviito] – 1 JOHANE 1:9

Usamirira kuti Mwari vatange vaita chimwe chinhu, vakatoita zvose zvaifanira kuitwa. Vakapa mwanakomana wavo iye oga pachinzvimbo chedu, nokuti chibairo chisina mhosva ndicho chete chaifanira kupirwa kuripira kutadza kwedu. Zvino kururamisira kwazadzikiswa, tinokwanisa kurarama takasununguka kubudikidza na Jesu Kristu, nokuva nehukama hwakanaka na Mwari nokuda kwake. Hatikwanisi kuenda kuna Mwari tiri toga, tinoda mumiririri. Tinoda mumiririri anova iye Jesu. Jesu akamira pamukaha pakati pedu na Mwari, mukaha wakavapo nekuda kwechivi chedu naizvozo iye anotiendesha kuna Mwari.

Sezvazvakaita kuti mwana akafanana nababa vake [muropa] ndizvo zvakaita Mwari, vakava muna Kristu kuti vatiyananise tive nehukama zvakare na Mwari. Mwari vanoda vanhu vavakasika, havadi kuvaona vachipinda muhutapwa hwechivi vasina nzira yekuvabatsira nayo. Jesu ndiyo nzira!

Chivi Chinounza Kutukwa

Shoko ra Mwari rinoti zvivi zvedu zvichatifumura (Numenti 32:23). Chivi chinounza kutukwa asi kuteerera kunounza maropafadzo (Dhuteronomi 28). Kwechinguva zvingaita sekuti upenyu hwemunhu huri kuenderera mberi iye achingotadza. Zvoita sekuti upenyu hwake hwakanganaka sehwevamwe, asi pakupedzisira pa-chave nehumbowo hwesarudzo dzaanenge akaita.

Patinosarudza hupenyu hwechivi pane hwekuteerera Mwari, tinoshaya mufaro mumweya yedu. Munhu haasi nyama nemapfupa chete. Munhu mweya unosanganisira pfungwa (ndangariro), kuda kwake uye manzwiwo ake. Ndiho hunhu hwemunhu. Vatadzi vanotambudzika mundangariro dzavo. Vakazadzwa nekushushikana mupfungwa dzavo, uye kunyangwe vakaita kana kuwana chii zvacho, hapana chinovagutsa zvizere. Vanongotambudzika mumoyo. Sezvo vachida kurarama sekuda kwavo, vanobva vatsamwa nekuora moyo kana zvinhu zvikasafamba sekuda kwavo. Havana chavanoziva

maererano nekurarama mukutenda. Kuvimba naMwari - anova simba rinokunda ivo - zvinhu zvis-inganzwisiki kwavari. Havawane zororo mumoyo nokuti munhu anowana zororo raMwari kana atenda maari (Vahebheru 4:3).

Zviokwazvo hupenyu hwechivi huzere kutukwa. Hapana chakanaka mahuri. Izvi ndizvo zvinotaura Mwari pamusoro pezvinoitika kune uyo anorarama asiri maari:

“Ndichauyisa kudzungaira pavanhu uye vachafamba samapofu, nokuti vakatadzira Jehovha. Ropa ravo richadururwa seguruva, uye nyama yavo sendove.

Sirivha yavo kana goridhe ravo hazvingagoni kuvaponesa, pazuva rokutsamwa kwaJehovha. Mumoto wegodo rake nyika yose ichaparadzwa, nokuti achauyisa magumo pakarepo kuna vose vanogara panyika.” – ZEFANIA 1:17-18

Shoko iri rinotyisa chose asi harifaniri kutyisa uyo anotenda muna Jesu Kristu. Avo vanotenda muna Jesu havazotongwi kana kupomerwa (Johane 3:18).

Mhosva neKupomerwa

Mhosva nemutadzi hazvisiyani. Angaedza zvinhu zvakawanda kuti asafunge nez-vazvo asi pasi pemoyo wake anoziva kuti hupenyu hwake hauna kunaka. Jesu vanoti vatadzi havakwanisi kutiza mhosva dzavo (Johane 9:41).

Bhaibheri rakapatsanurwa kuve Chitenderano Chakare uye neChitenderano Chitsva. Chitenderano Chekare chinomiririra sungano yakare yaishandiswa naM-wari kufukidzira zvivi zvevanhu kusvika nguva yekuti Jesu aite imwe sungano itsva yasvika. Kubva mukubaira zvibairo zvezvivi, zvivi zvevanhu zvaigona kufu-kidzirwa asi kwete kubviswa. Mhosva yaingoramba iripo. Pasi peChitenderano Chitsva, tave nemubairo wakakwana, uzere uye wekugumisira

usingafukidziri chivi asi unobvisa zvachose. Unogeza kwete chivi chete asi nemhosva yacho.

Verenga ndima inotevera zvishoma nezvishoma udzamise pfungwa kuti inoti kudii. Inobva muna vaHebheru 10:

“Uye nokuda kwenyu ikoku, tichaitwa vatsvene kubudikidza nechibayiro chomuviri waJesu Kristu chakabayirwa kamwe chete zvikapera.” – VAHEBHERU 10:10

“Asi muprista uyu akati abayira chibayiro chimwe chete chenguva dzose, akagara kurudyi rwaMwari.”

– VAHEBHERU 10:12

“Iyi ndiyo sungano yandichaita navo mushure menguva iyoyo, ndizvo zvinotaura Ishe. Ndichaisa mirayiro yangu mumwoyo yavo, uye ndichainyora mundangariro dzavo.”

Ipapo anotizve: “Zvivi zvavo nokudarika kwavo handizozvirangarirezve.” – VAHEBHERU 10:16-17

“Ngatiswederei kuna Mwari nomwoyo wechokwadi nokutendeka kwakasim-ba kwazvo, nemwoyo yakasaswa kuti tinatswe kubva pahana yakaipa uye miviri yedu yakashambwa nemvura yakachena.” – VAHEBHERU 10:22

Ndima idzi dzinotizivisa zvinhu zvakanaka zvakanakawanda. Chekutanga ndechekuti Jesu akava chibairo kamwe chete zvachose, hakuchina chimwezve chibairo chichadiwa pamusoro pechakaitwa naJesu. PaChitenderano Chekare, zvibairo zvaifanirwa kuitwa nguva nenguva asi zvaisabvisa mhosva. Jesu akava chibairo chakakwana chakanaka nguva dzose uye chinobvisa chivi nemhosva.

Mhosva inogona kubviswa zviripa mutemo asi munhu anofanira kudzidza kurarama zvakasununguka asingazvipomeri mhosva. Hupenyu hutsva munaKristu hunoda kuti munhu adzidze kurarama asinganzwi

kupihwa mhosva mumoyo make. Haachafaniri kutendera kutongwa kubudikidza nezvaanonzwa munyama yake. Anofanirakudzidza Shoko raMwari nekuriteerera zvisinei nemanzwiro ake pamusoro pechivi chake. Kurarama kwekuteerera uku kunounza maropafadzo anopfuura zvaungafungira.

Chitsauko 3



YAVA NGUVA YEKUZVIPIRA

✿ Unogona kunge wakatogamuchira Kristu, uye wakatokumbira bhuku rino kuti rikubatsire kutanga upenyu hutsva muna Kristu, kana kuti wakapiwa bhuku rino kuti rikubatsire kuita sarudzo iyi.

John 3:16 “Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, akapa Mwanakomana wake oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi”

Regai nditaure nezvenyaya inokubatsirai kunzwisisa simba rinowanikwa mundima iyi.

Umwe usiku kuchitonhora muguta reChicago, mvura ine chando yakanga ichigadzirira kunaya. Kamwe kakomana kechidiki kakanga kachitengesa mapepa nhau pakona yemugwagwa. Vanhu vakanga vari mudzimba dzavo nokuda kwechando, kakomana aka kaitonhorwa zvikuru nokudaro kakanga kasingatarisiri kutengesa mapepa nhau akawanda. Kakomana aka kakaenda kune mupurisa kakati “Vakuru, hamungazivewo here kungawanikwa zvimbo inodziya yekuti kakomana kanotambura kangawane pekurara? Ndinorara mubhokisi pakona apo, pano tonhora zvikuru. Zvingava zvinhu zvakana ndikawana zvimbo inodziya.”

Mupurisa akatarisa kakomana aka akati, “ndichakuudza

zvekuita, famba uchidzika nemumugwagwa wakananga kuimba iyo hombe chena, unogogodza pamukova. Vakabuda panze pemukova unongovaudza kuti, ‘Johane 3:16’ vachakubvumidza kupinda.”

Kakomana kaye kakaita zvakakanga kaudzwa. Kakafamba kakwira matanho emba akasvika pamukova akagogodza, ipapo mumwe mudzimai akadavira. Aka-tarisa kwaari akati “Johane 3:16”.

Mudzimai uya akamuti, “pinda”.

Mudzimai uya akamutora akamugarisa pamberi pechoto chikuru achibva aenda. Akagara kwekanguva achibva atanga kufunga nechemumoyo make, *Johane 3:16 - handiinzwisisi asi chokwadi inoita kuti chikomana chatonhorwa nechando chidziyirwe.*

Nguva yati fambei mudzimai uya akadzoka akati “une nzara here?”

Iye akati “Hongu, asi kwete yakawanda. Ndava nemazuva maviri kana matatu ndisina kudya, nokudaro ndinokwanisa hangu kudya zvishoma”. Mudzimai uya akamutora akaenda naye kuimba yekubikira akanomugarisa patafura yakanga yakazara zvokudya zvakanaka, akadya kusvikirira asingachakwanisi kuramba achidya. Aka-tanga kufunga mumoyo make, *Johane 3:16- handiinzwisisi asi chokwadi inoita kuti chikomana chine nzara chigute.*

Mudzimai uya akaenda naye kuimba yepamusoro kune imba yokugezera, akazadza bhavhu guru rekugezera nemvura inodziya. Akagara mumvura umu kwekanguva. Achiri mumvura umu akafunga mumoyo make, *Johane 3:16- handiinzwisisi asi chokwadi inoita kuti chikomana chinetsvina chitsvinde.* Mudzimai uya akadzoka akamutora akamuendesa kuimba yokurara akamuradzika panhovo yekare yakagadzirwa nemakushe eshiri, akamufukidza namachira achibva amutsvoda kuti arare zvakanaka. Akadzima mwenje. Akarara murima, akatarisa akaona chando chichinaya. Akafunga mumoyo make kuti, *Johane 3:16 - handiinzwisisi asi chokwadi inoita kuti*

chikomana chaneta chizorore.

Mangwanani akatevera mudzimai uya akamutora akamuendesa kutafura hombe iya izere zvokudya. Apedza kudya akaenda naye zvakare kuchoto chimwe chete. akatora bhaibheri akagara pasi ndokumubvunza,” unonzwisisa here zvinotaura Johane 3:16?”

“Kwete amai, handiinzwisisi”. Ndakanzwa nezvayo kekutanga Manheru apo mupurisa akanditi ndiishandise.” Akavhura bhaibheri kuna Johane 3:16 akatanga kumutsanangurira nezvaJesu. Ipapo pamberi pechoto akapa moyo wake nehupenyu hwake kuna Jesu. Akagara ipapo akafunga kuti *Johane 3:16 – handiinzwisisi asi chokwadi inoita kuti chikomana changa chakarasika chichenget-edzeke.* – (Author unknown)

Zvino kana wagadzirira kupa hupenyu hwako kuna Mwari kubudikidza nomwanakomana wake Jesu Kristu anova iye chete muripo wechokwadi pazvivi zvedu, ndinokukurudzira kuti unamate neni munamoto uyu. Dzokorora mazwi aya uchidanidzira woteerera zvaanoreva kwauri.

Mwari baba, ndinokudai ndinouya kwamuri nhasi nekutenda ndichikumbira kuti mundiregere zvivi zvangu. Jesu ndinotenda mamuri, Ndinotenda makandifira pamuchinjikwa. Makadeura ropa renyu risina mhaka. Makatora chinzvimbo changu nemutongo wandaiifanira kuwana. Ndinobvuma makafa mukavigwa, mukamuka kubva kuvakafa nezuva retatu. Rufu haruna kukubatai. Makakunda Satani, makatora svumbunuro dze gehena nerufu kubva kwaari. Ndinotenda makanditira zvole izvi nokuti munondida. Ndinoda kuva mukristu. Ndinoda kukushandirai mazuva ose ehupenyu hwangu. Ndinoda kudzidza kurarama upenyu hutsva hwamakavimbisa. Ndinokugamuchirai nhasi, Jesu ndinopa hupenyu hwangu kwamuri. Nditorei sezvandiri mugondiita kuti ndive zvamunoda.

Ndinokutendai Jesu nekundiponesa. Ndizadzei neMweya wenyu mutsvene mundidzidzise zvole zvandinofanira kuziva. Zvino ndi-

notenda kuti ndaponeswa. Ndazvarwa patsva, uye kuti ndichaenda kudenga pandichafa. Mwari Baba, Ndi-chava nemufaro parwendo urwu uye ndicharamira kubwinya kwenyu!

Kana wanamata munamato uyu uchirevesa, waita sarudzo yakanaka zvikuru. Hazvinei kuti urikunzwa sei, Mwari vatonzwa munamato wako vakaupindura. Unogona kunge uchinzwa kuva nerugare kana mufaro, kurerukirwa kana rusununguko, kana kuti unogona kunge usina chauri kunzwa. Usaita kuti zvaunonzwa zvikutongere mararamiro ako. Tenda shoko raMwari nekuti iye akatendeka uye anoita zvaakavimbisa. Anoti

“Vose vandinopiwa nababa vachauya kwandiri, uye ani naani anouya kwandiri handingatongomurasiri kure.”

– JOHANE 6:37

Mwari akavimbisa kuti achava newe nguva dzose, kusvikira kuguma kwenyika. Unogona kunge usinganzwi kuti varipo asi Mwari vari kwese nguva dzose. Maziso avo ari pauri uye vanehanya newe vanokutarira. Vanehanya nezvinhu zvinokushungurudza uye vakavimbisa kuzvigadzirisa. Vatanga basa rakanaka mauri, vacharipedzisa kusvikira kumagumo (Mavambo 28:15, Mapisarema 138:8, Vafiripi 1:6).

Makorokoto wava neshamwari itsva Jesu, shamwari yakanaka yaungava nayo. Unokwanisa kutaura navo chipi nechipi zvacho nekuti vanokunzwisisa (VaHebheru 4:15). Havakurasi kana kukupomera mhosva. Hapana zvinhu zvikuru kana zvidoko zvingavakurire. Vanoda kuti uvatendere kuva newe panzira dzako dzose uye uvakoke pamaramiro ako oupenyu hwako.

Wava chisikwa chitsva. Zvakare zvapfuura zvinhu zvose zvava zvitsva (2 Vakorinde 5:17). Wawana pekutangira patsva.

Uchakanganisa – tosetinokanganisa. Unezvakanwandazve kudzidza uye watanga rwendo rwoupenyu hwose. Unofanira kurangarira kuti

paunokanganisa, kuregerera kwaMwari nekucheneswa kwagara kuripo pane vanokumbira. Chimbidzika kutendeuka pazvivi usahwandise kana chipi nechipi zvacho kuna Mwari nekuti vanoziva zvose.

Mwari vanokuda zvizhinji. Vanokuda nguva dzose. Havakude zvakanyanya mazuva awaita zvakanaka kana kukuda zvishoma mazuva awaita zvakaipa. Vanongokuda!

Zvino yava nguva yekudzidza nezve kurarama hupenyu hutsva.

Chitsauko 4

NZIRA ITSVA YEKURARAMA NAYO

Paunotanga kuraramira Mwari mupenyu hwako hutsva uri mavari, uchaona kuti zvavanotaririsa zvakasiyana nezvenyika ino. Chokwadi ndechekuti nyika ndiyo yakaminama asi hushe hwaMwari ndihwo hunegwara kwaro. Hatina kujaira kurarama munzira yaMwari saka pekutanga zvinogona kuita sezvakaoma uye zvisinganzwisiki.

Rubhabhatidzo

Chimwe chezvinhu zvaunofanira kuita semutendi mutsva muna Jesu Kristu kubhabhatidzwa mumvura. Rubhabhatidzo chiratidzo chinowonekwa kunze chesarudzo yako yawaita mumoyo yekutevera Kristu. Kana munhu akaenda pasi pemvura achibhabhatidzwa, zvinoratidza kuvigwa kwehupenyu hwekare. Paanosimudzwa kubva mumvura zvinoratidza kumuka muupenyu hutsva. Ichi chinhu chatinoita mukuteerera Mwari.

Mufananidzo wayo ndirwo rubhabhatidzo rwunotiponesawo zvino, kwete kubviswa kwetsvina yenyama, asi kutsvaka hana yakanaka kuna Mwari nekumukazve kwaJesu Kristu.

– 1 PETRO 3:21

Petro ndokuti kwavari: Tendeukai mubhabhatidzwe umwe neumwe wenyu muzita raJesu Kristu, kuitira kangamwiro yezvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene.

- MABASA EVAPOSTORI 2:38

Kuenda kuKereke

Chimwe chezvinhu zvandinokurudzira kubatirana navamwe muKereke iri pedyo newe. Kuenda kuKereke hakuiti kuti munhu ave mukristu sekungotiwo kugara mugaraji hakungaite kuti ndive motokari. Hatingave makristu nekungoenda kukereke chete, asi kana tave makristu tinofanira kunamata Mwari nekuwadzana nevamwe vatendi. Kukereke inzvimbo yatinodzidza shoko raMwari.

Haasi makereke ose akanaka. Mamwe makereke ndeezvinamato zvakanaka kunze asi mukati pasina zvazvinobatsira . Kana urikuenda kukereke isingakudzidzisi shoko raMwari nekekukurudzira kukura zuva nezuva muna Mwari, isiye urambe uchitsvaga kusvika wawana yakanaka. Makereke, savaChiremba haasi ose akanaka, zvakare haasi ose akaipa. Unongofanira kutsvaga inoenderana newe. Vamwe vanosarudza mamwe makereke pane mamwe, vamwe vanosarudza makereke emubatanidzwa zvinoreva kuti havana kereke vanoti iyi ndiyo yavo. Chakakosha kuva nekereke yaunoenda nguva dzose. Zvinobatsirawo kuti uwane shamwari dzakafanana newe mukufunga nezvaunotenda mazviri uye nekuyanana musingatadziri Mwari.

Iva nechokwadi chekuenda kukereke kwaunokura semuKristu. Zvakakosha kuti mutendi adzidze zvakananda. Kana akasadzidza nekukura mukunamata, pane njodzi yokuti anokwanisa kudzokera kumashure, kunzira dzakare.

Mapoka ekudzidza Bhaibheri anobatsira vatendi vatsva zvikuru. Mapoka evanhu vashoma aya ane mukana wekudzidza zvakananda, kubvunza mibvunzo, kunamatirwa, nekunamatirawo vamwe. Ndinovimba kuti kukereke kwaunoenda kunopa zvidzidzo zvebhaibheri zvevakuru kana kuti minamoto yemudzimba yaungakwanise kuenda. Kereke haisi nzvimbo yekungonoparidzirwa chete asi kuti inzvimbo yekunoshumirawo mhuri yaKristu (Kereke). Kunze kwekugamuchira hushuri kubva kune vamwe iwe unofanira kushumirawo kune vamwe.

Kuzvipira

Kuzvipira kwakakosha. Hakusi kutadza kwatakaita kamwe chete kwakaita kuti tive mumatambudziko atinawo, kuramba tichingotadza. Kuita zvakanaka kamwe chete kana kaviri hazvitibatsiri kurarama hupenyu hutsva hwatakagadzirirwa naMwari. Tinofanira kushingirira mukuita izvo zvatnofanirwa kuita kunyange tisinganzwi kuda kuzviita. Tinofanira kuramba tichizviita. Mwari vakakupa mweya wekuzvidzora nekuzvibata (2 Timoti 1:7) saka unofanirwa kuita izvozvo.

Zvipire kutora nguva uchitaura naMwari. Verenga shoko rake nemamwe mabhuku anokubatsira kunzwisisa Bhaibheri zvirinani. Teerera zvidzidziso zvinouya pamarekodhi kana kuona dzidziso chechikristu pachivhitivhiti. Iva nenguva yekunamata. Dzidza kunamata zuva nezuva. Rangarira kuti Mwari vanokoshesa zvese zvinechokuita newe uye munamato inzira yekutaura naMwari. Paunenge uchikura semukristu uchadzidza kwete kungotaura naMwari chete asi nekutonza kwavari zvekare, izvi zvichakuratidza imwe nzira yakasarudzika pakufamba navo.

Chimwe chinhu chakakosha zvikuru chinoda kuzvipira, kupa kuna Mwari. Mwari vakatipa zvakananda kwazvo zvokuti zviri nyore kuti tipe kubasa ravo pano panyika. Kana wabatsirwa zviri nyore kubatsirawo vamwe. Imwe nzira yekubatsira nayo kubudikidza nekuzvipira kupa kukereke kwako kana kupa kune humwe hushumiri hwakakubatsirawo hwaunotenda mahuri. Chese chatinopa Mwari vanotidzoserwa zvawanda chose. Shoko ravo rinoti tinokohwa zvatakarima.

Tisati tagamuchira Kristu nekuva chisikwa chitsva, takange tisina shungu nekupa. Taingoda kupihwa isu chete nevamwe, asi panowedzera rudo rvedu kuna Jesu, moyo yedu inoshanduka.

Kubhabhatidzwa muMweya Mutsvene

Kubhabhatidza zvinoreva kunyudzwa mumvura zvizere. Chese chanyudzwa mumvura chinozara kana chiine pakavhurika. Kana wazarura moyo wako unogona kuzadzwa neMweya Mutsvene. Paunogamuchira Jesu semuponesi wako unogamuchira Mweya Mutsvene asi unogona kunge usati wakagadzirira kuzarura nzvimbo dzose dzemoyo wako kuti vakuzadze.

Mweya Mutsvene unawo asi unoda kuva nechokwadi kuti zvose zvauri zvava zvake. Mwari vanoda kukushandisa mubasa ravo zvakare unoda simba reMweya Mutsvene kuti ubudirire nekuita zvinobatika.

Mwari vanotipa zvipo zvedenga (zvipo zvesimba reMweya Mutsvene) kuti tikwanise kurarama zuva nezuva. Zvipo zvacho zvakasiyana-siyana uye munhu wese anozvigamuchidzwa, asi zvimwe zvinoonekera kudarika zvimwe. Ini ndakapiwa chipo chekudzidzisa, vamwe chipo chekuimba, vamwe chetsitsi kana kubatsira. Kune zvipo zvipfumbamwe zvakanyorwa muna 1 VaKorinde 12:7-10 zvatinofanirwa kuziva. Tinotodzidziswa kushuvira zvakanyanya zvipo izvi. Zvinoti mashoko eruzivo, mashoko ehuchenjeri, chipo chekutenda, simba rekuporesa, kushanda kweminana, kuporofita (kutsanangura kuda kwaMwari nechinangwa chavo), kugona kuona mweya wakanaka newakaipa, chipo chekutura nendimi, uye kugona kududzira ndimi idzi.

Kunyangwe ukatadza kunzwisisa zvipo izvi, ndinokukurudzira kuti ukumbire Mwari vakupe uye vakudzidzise mabasa azvo. Tinoona kakawanda mushoko raMwari vanhu vachitaura nendimi (chirudzi cheMweya Mutsvene). Patinonamata nendimi tinenge tichitaura zvakananzika kunaMwari uye tinowedzera kukura. Muapostora Pauro anoti anoshuvira kuti dai munhu wese aitaura nendimi (1 VaKorinde 14:2, 4-5).

Chipo chendimi chakakonzeresa kusawirirana pakati pemakristu

kwemakore akawanda. Vamwe vanotenda kuti zvipo izvi ndezvanhasi vamwe vachiti hazvisi. Ini pachangu ndakararama muzvipo izvi muupenyu hwangu uye ndikataura nendimi kwemakore anodarika makumi matatu nokudaro ndinoziva kuti zvakakosha kumukristu wanhasi. Tinoda chose chingagone kutibatsira.

Kazhinji vanhu vanoramba kugamuchira zvavasati vambosangana nazvo kana kuti zvavasinganzwisisi. Uku kukanganisa. Tinofanira kuverenga Bhaibheri totenda zvarinoreva.

Ndinokukurudzira kuti ufungisise nezveMweya Mutvene kwete zvipo zveMweya. Zvipo zvichauya. Vamwe vanhu vanonyanya kukosha ndimi kana zvimwe zvipo kudarika zvakafanira. Patinotenga shangu hatipindi muchitoro tokumbira marita eshangu. Tinokumbira shangu idzo dzinozouya nemarita adzo. Ndzivo zvimwe chete neMweya Mutsvene. Kumbira huvepo hwake zuva nezuva muupenyu hwako, ndimi nezvimwe zvipo zvese zvinobva zvauya nenguva yazvo.

Tsvaga Huvepo hwaMwari Kwete Zvipo Zvake

Mwari vanoda kukuitira zvinhu zvakanaka. Vanoda kukupa maropafadzo akawanda asi zvakakosha kuti uvatsvage nekuda kwekuti ndiMwari kwete nekuti vangakuitirei. Mwari vakanaka zvokuti hapana angafananidzwa navo, uye kuve muhuvepo hwavo kunoshamisa kwazvo. Apo paunotsvaga chiso chavo uchaona kuti ruoko rwavo runogara rwakazaruka. Ukatsvaga ruoko rwavo chete zvinovatsamwisa. Hakuna munhu, kunyangwe Mwari chaivo, angade kushandiswa neumwe munhu kuti iye awane zvaanoda.

Kumbira Mwari chero chii zvacho chaunoda, kana chakakunakira vanokupa nenguva yavo. Asi rangarira kuti unoda Mwari pachavo muupenyu hwako kupfuura zvimwe zvinhu zvose. Zvikuru kwazvo huvepo hwavo, nzira dzavo, hunhu hwavo, uchenjeri hwavo, kunzwisisa kwavo, simba ravo, zvichingodaro.

Mwari ndivo zvose uye isu hatisi chinhu tisinavo. Jesu vanoti, “kunze kwangu hamugone kuita chinhu” (Johane 15:5).

Nokuti zvose zvinobva kwaari, zviripo naye, zviripo nokuda kwake. Ngaave nokubwinya nokusingaperi. Amenii.

– VAROMA 11:36

Zvekudzidza Zviripo Zvakawanda

Zvakawanda kwazvo zvekudzidza zvokuti hazvikwanisiki kuti nditaure nezvazvo mubhuku rino diki. Unofanira kuva nedzidziso inotsigira kutenda kwako uye hwaro hwedzidziso yechikristu. Dzidziso dzevachangogamuchira Jesu dzinoitwa mumakereke mazhinji uye ndinokurudzira kuti uite zvidzidzo izvi. Uchadzidza kuti Jesu akazvarwa nemhandara. Ndinoziva kuti zvinoita sezvisingaitiki asi chero zvakadaro ichokwadi uye zvakakosha kuti unzwisise kuti sei zvakadaro. Uchadzidza kuti zvakakosha kuti upe mari kuna Mwari kuti vhangeri rigoparidzirwa vamwe vasingazivi Mwari. Uchadzidza nezvaMwari Vatatu Mumwe, chokwadi chekunamata Mwari mumwe chete, anozviratidza muhutu: Baba, Mwanakomana naMweya Mutsvene. Uchadzidza pamusoro pehushumiri hwengirozi, kukosha kwero paJesu, kuti unganzwa sei kubva kuna Mwari, dzidziso yehutsvene, kutendeuka, nezvimwe zvakawanda.

Kunyangwe ndisingagoni kutaura pamusoro pezvese mubhuku rino, pane zvinhu zvandinoda kutaura nezvazvo zvandinovimba kuti zvakakosha paupenyu hwako hutsva nokudaro ngatipfuurirei mberi.

Chitsauko 5



NZIRA ITSPA YEKUFUNGA NAYO

✿ Kudzidzira kufunga neimwe nzira zvinhu zvakakosha zvikuru. Mwari vane chinangwa chakanaka neupenyu hwako, asi unofanira kuti unzwane navo pazvinhu izvozvo. Satani nayewo anehurongwa newe paupenyu hwako, asi hurongwa ihwohwo hauna kunaka. Wakaipa akauya kuzoba, kuraya nekuparadza (Johane 10:10). Satani anoisa pfungwa dzakaipa mundangariro dzedu achitarisira kuti tinozvitema nekubvumirana naye. Iyi ndiyo nzira yaanoshandisa kunyengedza vanhu nekuwana nzira yokupinda muupenyu wavanhu.

Musaramba muchizvienzanisa namaitiro enyika ino, asi mushandurwe nokuvandudzwa kwepfungwa dzenyu. Ipapo muchakwanisa kuti muedze uye mugoziva kuti kuda kwaMwari ndokupi, kuda kwake kwakanaka, kunomufadza uye kwakakwana. – VAROMA 12:2

Magwaro aya anoburitsa zviri pachena kuti hupenyu hwedu haungashanduki kana pfungwa dzedu dzisina kushanduka. Kana uchida upenyu hutsva, unofanira kuva nenzira itsva yekufunga nayo. Mwari vane nzira yakanaka kune mumwe ne-mumwe wedu, asi tinotozoono izvi zvichizadzikiswa kana tikadzidza kukosha kwemafungiro akanaka.

Unogona Kudzora Pfungwa Dzako

Zvichida wakafana nezvandakanga ndiri kare, wozviudza kuti hapana chaungaita pamafungiro ako. Ichi hachisi chokwadi. Unokwanisa kusarudza zvaungada kufunga kana kusafunga. Izvi unozviita uchicherechedza zvaunofunga. Munhu anotevera kunoenda pfungwa dzake. Tose takambosanga nemufungo wekutanga kutsvaka zvokudya. Zvingava aizi kirimu, mabhanzi kana zvimwe zvokudya zvinoyevedza. Simba rekuva neizvi rinowanda apo patinoramba tichifunga nezvazvo. Nguva zhinji patinozvifunga tinogona kutoenda nemotokari rwendo rwakakura zvizhinji, totozovidemba tadya kuti tarasa mari nenguva. Kana tikaramba tichifunga kuti umwe munhu akatikanganisira, kuti akaita zvinhu zvakatirwadza, tinonzwa ukasha nekugumbuka. Mafungiro edu anogona kukonzera kuti zvatinoitira zvive mazwi chaiwo anotaure.

Nguva dzaunogumbuka kana kushungurudzika, zvibvunze kuti ndezvipi zvawangana uchifunga nezvazvo, unobva waona kuti mufungo wacho unoenderana nemanzwiro aunenge uchiita.

Mupfungwa dzedu ndimo munhandare matinorwira hondo yedu naSatani. 2 Vakorinde 10:4-5 inotidzidzisa kuti tinofanira kubvisa mifungo nendangarairo dzose todzisvitsa kuna Jesu Kristu. Izvi zvinoreva kuti tinofanira kufunga maringe neshoko raMwari. Zvose zvisingabvumirani nedzidziso yaKristu, zvinofanira kubviswa mundangarairo dzedu zvorashwa semanyepo anobva kuna wakaipa. Kana Satani akabata pfungwa dzako anenge abata hupenyu hwako neramangwana rako.

Munenzaniso wokuti kana uine pfungwa dzekuzviuraya, Mwari havazivo vaiisa pfungwa idzodzo mundangarairo yako. Mwari vanoda kuti urarame uye uve nemufaro. Kana uiine pfungwa dzekuti hapana chakanaka pauri kana kuti hapana anokuda, pfungwa idzodzo hadzibvi kuna Mwari nokuti izvi zvinopesana nezvinotaure shoko ravo.

Kufunga Kwakatsauka

Ngwarira kufunga zvisakarurama. Hapana chakaipa panaMwari kana chakaipa pachinangwa chake muupenyu hwako. Zviri nani kuona bhodhoru serakapotsa kuzara pane kuona serava kupera. Kuita pfungwa dzakarurama hakurwadzi. Hazvinei kuti hupenyu hwako hwanga hwakadini kusvika pari zvino. Unofanira kuva nechiono chakanaka pane ramangwana rako. Bvumirana naMwari, wotenda kuti zvakanaka zvichaitika kwauri. Kana waifunga zvakaipa sezvandakanga ndiri, kufunga zvakanaka zvinotoda kudzidzira. Ndakakura panzvimbo yakanga isina kumira zvakanaka, waitotarisisira jambwa kana njodzi, asi ndakazoona kuti jambwa rinogona kutouya nokuda kwekufunga kusakarurama.

Mazuva ose omunhu anotambudzika akaipa, asi mwoyo unofara une mu-tambo nguva dzose. – ZVIREVO 15:15

Mweya mutsvene pawakatanga kunditungamirira pashoko iri ndakanga ndisinganzwisisi kuti zvinorevei asi ndakazodzidza kuti ipfungwa dzisakarurama dzekufunga kuti pane zvakaipa zvichaitika. Ndinoda kudaira kuti zvandaitarisira ndizvo zvandaisangana nazvo nguva dzose, zvaiva zvekushunguridzika chete. Ndaida kuti upenyu hwangu hushanduke, ndakanga ndisinganzwisisi kuti sei Mwari vasingazvishanduri, asi ndakazonzwisisa kuti ndinofanira kuti ndishandure mafungiro angu Mwari vozoshandura upenyu hwangu.

Usava nekufunga zvisakarurama pane chipi nechipi zvacho... zvingava ramangwana rako kana kuti zvapfuura. Kana ukavimba naMwari, zvose zvapfuura zvinogona kugadziriswa zvopindirana pamwe chete nezvawanga wakarongerwa naMwari paupenyu hwako. Zvose zvawakatadza zvinoshandiswa kuti upenyu hwako huve uri nani uye uve neuchenjeri. Unokwanisa kudzidza pazviri woita sarudzo yokuti handidzokorore kutadza kwandakamboita. Usava nekufunga zvisakarurama pamari yako, shamwari dzako, mhuri yako, maonero ako ezvinhu, basa raunaro kana rausina, kwaunogara,

motikari yaunoshandisa, kana chipi nechipi zvacho. Iva nekufunga kwakanaka zvinoita kuti uve ne upenyu hwakanaka hunoshamisa.

Kufunganya Kana Kunetseka

Kufunganya kana Kunetseka inzira mbiri dzokufunga zvakaipa. Kunetseka hakuna zvakanaka zvakunokupa asi kunotounza zhizhinji zvakaipa. Tenda Mwari kuti vanogadzirisa zvose zvinokunetsa pane kuti unetseke mupfungwa. Kunetseka mupfungwa kunoita kuti utarisike semunhu achembera, zvokupa kuti musoro ne mudumbu murwadze uye zvinoita kuti upenyu hukuomere. Izvi hazvisiri izvo zvakarongwa naMwari paupenyu hwako.

Kusanetseka kunokwanisa kukuomera pakutanga, nekuti waiva munhu aizvichengeta achiitira zvinhu zvake oga. Iwe chaunofanira kuziva ndechekuti wava kudzidza nzira itsva youkurarama nayo.

Vanhu vasina ukama naMwari vanokwanisa kuona sekuti ifaniro yavo kufunganya asi iwe haufunge saizvozvo. Mwari vari kurutivi rwako, ivo vanoti ndipirei kufunganya kwenyu kwose nokuti ndinokuchengetai (1 Petro 5:17).

Kufunganya zvinoreva kuti tiri kupedza nguva tichinetseka nezvamagwana. Jesu vanoti tisaita saizvozvo nekuti zuva rimwe nerimwe rine nhamo dzaro dza-karikwanira (Mateo 6:34). Uchaziva zvokuita kana nguva yacho yasvika, asi unogona kunge usingazvize nokuti nguva yacho inenge isati yakwana. Mwari vanoda kuti udzidze kuvimba navo. Havanonoki, asi zvakare havaite nguva isati yakwana. Pane vachangotendeuka, nguva yokumirira iyi yakavaomera zvikuru nokuti hazvisiri izvo zvavanogara vachiita. Asi nenguva vanozotanga kuzvifarira. Pfungwa dzako dzinogadzikana wotosununguka kurarama zuva nezuva pasina kufunganya nezvaramagwana.

Nguva nenguva paupinda pamuedzo wekufunganya, udza wakaipa kuti uri mwana waMwari uye Mwari akakuvimbisa kuti achakuchengeta.

Mukana wokuvandudzwa kwepfungwa inowanikwa nekuverenga nokunzvera shoko raMwari. Iyi ndiyo nzira yokudzidza musiyano wekufunga zva-kanaka nezvakaipa. Somuenzaniso munhu anokwanisa kungofunga kuti anofanira kuva murombo muupenyu hwake hwose nekuti mhuri yake yagara varombo, asi unozoviona kuti ichi hachisiri chokwadi nokuti handizvo zvinotaura shoko raM-wari. Uchishandisa mirairo yezveupfumi, Mwari vanokubatsira kupedza mweya weurombo mumhuri yako wotowana zvakawanda pazvinhu zvose zveupenyu hwako. Shoko raMwari rinoti pazvinhu zvose vanoda kuti uve noutano hwakanaka uye kuti zvose zvikunakire kunyange sokufara kwamweya wako (3 Johane 2). Paunokura pamweya nekuteerera Mwari, ivo vanokupa zvose zvakawanda zvaunokwanisa kuchengetedza uye zvaunokwanisa kushandisa nouchenjeri.

Mwari vanokupa zvose zvaunoshivira, haufaniri kurarama mukutya. Kana uchitsvaga basa unokwanisa kunyengerera Mwari vanokubatsira kuwana basa. Mwari vanokuwanira nyasha voita kuti zvose zvaunobata nemaoko ako zviyendeke uye zvidubirire.

Jesu vanoda kuti uve neupenyu hwakanaka. Vanoda kuti ufare nokuda kweupenyu hwavakafira kuti uve nahwo. Wana zivo, wana kunzwisisa, wana ungaru uye sarudzo yakanaka. Vanhu vanoparara nekuda kwekushaya zivo saka chema nekuda kwazvo. Jesu Kristu izivo yedu inobva kunaMwari. (1 Vakorinde 1:30). Vakumbire vaite kuti ruzivo rwuri mauri rwusimuke nekujesa pfungwa dza-ko kuti ukwanise kufamba munzira dzake. “Nokuti uchenjeri hunokosha kupfuura marubhi, uye hapana chaungada chinganzaniswa nahwo” (Zvirevo 8:11).

Bhuku rangu rakatengeswa zvikuru rinonzi *Battlefield of the Mind*. Ndinoku-kumikidza kuti uriverenge nekuchimbidza. Rangarira kuti kuvandudzwa kwema-fungiro ako kunogona kunge kuchiita kunge hondo kwekanguva asi usanete. Vanotsvaga Mwari vachirevesa vachawana mubairo.

Chitsauko 6



NZIRA ITSVA YEKUTAURA NAYO

✿Manzwi zvitende zvesimba. Anotakura simba rekuvaka kana kuputsa. Pakutanga Mwari pavakataura, vakasika zvinhu zvakanaka, nesu tinofanira kutevera gwara ravo.

Dumbu romunhu rinogutiswa nezvibereko zvomuro wake;
Achagutiswa nezvakawanda zve miromo yake.

Rurimi rune simba pamusoro porufu noupenyu; Vanoruda
vachadya zvibereko zvarwo. – ZVIREVO 18:20-21

Pakunzvera shoko iri tinoona kuti mashoko edu ane mhedzisiro inozoonekwa. Mamwe anounza zvakanaka mamwe zvakaipa. Patinoshama miromo yedu tichitaura, tinofanira kuona simba remashoko edu. Pfungwa dzedu dzinozova mashoko edu, ichi ndicho chimwe chikonzero chikuru chinoita kuti Satani apinze pfungwa dzakaipa mupfungwa dzedu. Anoziva kuti kana tikadzitora kuita dzedu tinopedzisira tadzitaura zvobva zvazarura mukana wekuti aite mabasa akaipa muopenyu hwedu.

Ani naani anochengeta muromo wake norurimi rwake,
Anochengeta mweya wakepamatambudziko.
– ZVIREVO 21:23

Muedzo mukuru pasi rino kutaura zvati noona nekunzwa, asi

Mwari vanoda kuti titaure pamusoro pezvinotaurwa neshoko ravo. Handisi kuti usatarisa zvakakukomberedza asi ndirikuti unogona kuzvikunda uye matauriro ako munguva yematambudziko anechokuita nekukunda kwako.

Vana veZiraeri vakapedza makore makumi mana vari mugwenga vachifam-ba rwendo rwemazuva gumi nerimwe chete. Vairamba vachitenderera mumakomo mamwe chete vasingaendi mberi. Vaiva mematambudziko mazhinji, asi dam-budziko ravo guru kwaiva kugununun`a. Zvinhu pazvaisavafambira zvakanaika vaichema chema nekugunun`una nguva dzose. Mwari vanoda kuti tivarumbidze nekuvatenda tichirimo mugwenga sezvatinoita tiri pamusoro pegomo. Zvatinotaura munguva yekutambudzika zvinotiratidza kuti tichatora nguva yakadii tirimazviri.

Zvinogona kukushamisa asi mashoko ako ane simba. VaRoma 4:17 inoti tinonamata Mwari anodaidza zvisati zvavapo sezvavepo. Mwari vanoona zvavanoda kuti zviitike votaura nezvazvo sezvatoitika. Kuti uite izvi unofanira kuona nameso ekutenda. Kutenda kutora zvausingaoni kana kunzwa panyama sezvinhu zvatovapo. Kutenda kunotora zvivimbiso zvaMwari kuzviita sechokwadi.

Kana tikaita dambudziko tikatenda chose kuti Mwari vachatidzikinura tinogona kufara ikozvino. Hatimiriri kusvika taona shanduko nokuti tinazvo nekutenda. Mukati kati memoyo yedu tinotoziva kuti Mwari varikushanda panzvimbo yedu.

Muporofita Ezekieri paakatarisa akangoona mapfupa akafa, akaoma, Mwari ndokumubvunza kuti mapfupa aya angararama zvekare here. Ezekieri akapindura achiti “Mwari wangu ndimi mega munoziva.” Ipapo Mwari vakamuudza kuti aporofite kumapfupa aya achimaudza kuti anzwe shoko raMwari. Ezekieri akatan-ga kuporofita sekurairwa kwaakange aitwa, mapfupa akatanga kudzokedzana. Nyama nerunda zvakabva zvave paari akabva amira sehondo huru (Ezekieri 37). Uyu mufananidzo wesimba reshoko raMwari

wakanaka zvikuru.

Kutaura Shoko raMwari Uchidanidzira

Ndinodzidzisa vanhu kwese kwese kutaura shoko raMwari vachidanidzira uye vachizviita vaine chinangwa seimwe nzira yekuzvikurudzira nayo mumweya zuva nezuva. Ichi ndicho chimwe chezvinhu chandakandidziswa naMwari zvikandibatsira kuvandudza pfungwa dzangu nekushandura gwara reupenyu hwangu.

Shoko raMwari ibakatwa reMweya. Ndicho chombo chikuru chauinacho kurwisa Satani. Anotyva nekubvunda Shoko raMwari. Kuna Ruka 4 tinoona Jesu panoedzwa naSatani. Akange ari mugwenga. Akange asina kudya kwenguva refu saka Satani akatanga kuisa mifungo mupfungwa dzake. Pese paitaura Satani nhema Jesu vaipindura vachiti, “zvakanorwa kunzi”, obva ataura magwaro achidanidzira zvinonzwika achiramba nhema dzose. Patinodzidza kutevedzera muenzaniso uyu tinobva tava murwendo rwekukunda.

Unoda here kutanga kucherechedza zvaunotaura? Kana uchida, uchaona semaonero edu tose, kuti unotaura zvinhu zvakawanda zvausingadi kuti zviitike muupenyu hwako. Ndinotenda kuti tinogona kuwedzera kana kutapudza rugare nemufaro mumoyo medu kubudikidza nematauriro edu. Kana ndichitaura idi, ko unoregererei kutaura zvichakupa mufaro pane kutaura zvichakusuwisa?

Kutaura mukutenda ndiyo yave nzira yako yekurarama saka chitotanga ikozvino. Unogona kutaura zvakaaita seizvi:

Mwari vanondida uye vanehurongwa hwakanaka noupenyu hwangu.

Ndinofarirwa kwese kwandinoenda.

Chese chandinobata chinobudirira nekukunda.

Mwari vanoazarura misiwu yakandifanira vachivhara isiriyo.

Ndinofamba muhuchenjeri.

Ndakazadzwa nerugare.

Ndinemufaro.

Ndinofamba murudo.

Pane chakanaka chichaitika kwandiri nhasi.

Vana vangu vese vanoda nekushandira Mwari.

Wanano yangu irikuita nani zuva nezuva.

Ndakaropafadzwa kwese kwandinoenda.

Unogona kunyora zvakananda zvisingaperi. Ingova nechokwadi kuti zvese zvaunotaura ndizvo zvinotaura shoko raMwari. Kutenderana naMwari kunokuzarurira nyika itsva. Kunoita kuti hurongwa hwaMwari hutange kuitika uye Satani haana chaangagone kuita kuti azvikonese.

Chitsauko 7



NZIRA ITSVA YEKUZVITARISA NAYO

✿ Unozviona semumhu akaita sei? Maonero aunozviita akafanana nemupikicha waunotakura muchikwama chemoyo wako. Kubudikidza nekushumira vanhu kwemakore akawanda ndakaona kuti vanhu vazhinji havazviyemuri zvakananyanya. Ini ndaive nehukama hwakashata neni pachezvangu kwemakore akawanda zvekuti hwainge hwave huturu kuzvinhu zvese muupenyu hwangu. Mwari vanokuda uye vanoda kuti uzvide, kwete nenzira yeundyire kana yekuzvitutumadza asi nenzira yakanaka. Haungagoni kupa zvausina. Mwari vanotida uye vanoda kuti tirege rudo urwu rwutiporese kutanga rwozoenda nematiri kunevamwe vanhu. Ukaramba kugamuchira rudo rwaupiwa naMwari kubudikidza nekuzviyemura zvakanaka haungagone kuda vamwe zvakanakwana.

Maonero aunozviita anoenderana nekushanda kwaunoita here? Vazhinji vedu ndizvo zvazviri, asi maonero edu haangavi iwo akanaka nekuti mashandiro edu haana kunaka nguva dzose. Tiri vanhu vanotadza uye vanokanganisa. Tinoda kuita zvakanaka asi tinongoona tatokanganisa. Ndiyo mhaka tichida Jesu. Vanoratidza simba ravo zvakanakwana mukushaya kwedu simba.

Hausi chishamiso kunaMwari. Vaitoziva kuti uri munhu akadii pavakakudaidza kuhukama hutsva naye. Vanotoziva kukanganisa

kwese kwatichaita muupenyu, uye vanotida nekutidokwairira zvakadaro. Usanyanya kuzviomesera. Dzidza kugamuchira nyasha dzaMwari zuva rega rega. Muka mazuva ose uite zvaunogona zvese kupa mbiri kunaMwari. Ita nemoyo wose nokuti unoda Mwari kwete kuti vakude. Vanotokuda kare zvakapfuurikidza uye zvakwana. Pakupera kwezuya rega rega kumbira Mwari vakuregerere zvivi zvako nekutadza kwako kwese, worara zvakanaka, wozotanga zuva idzva mangwana anotevera.

Satani anokurwisa asi Mwari vanokutsigira. Unofanira kuva kurutivi rwaMwari nokuti vaviri vakawirirana vanova nesimba rakawedzera. Wakakosha mumeso aMwari uye unezvipo zvakawanda zvinogona kushandiswa naMwari. Usangotarisa pane zvaunofunga kuti zvakashata pauri chete. Usangotarisa kwaunofanira kuenda chete – tarisawo kwawabva. Wave mutendi muna Jesu Kristu zvino, ndiwo mavambo ezvose zvakana muupenyu.

Kunzwisisa Kururama

Kururama (kumira zvakana munaMwari) kunouya nekutenda munaJesu kwete nemabasa edu. Chipa chinobva kunaMwari chatinopiwa patinogamuchira Jesu saishe nemuponesi wedu.

Kune magwaro akawanda anotsigira izvi. Ndichanyora mashoma acho kuti ndikusimbise:

Uyo, wakanga asingazivi zvivi, wakamuita kuti ave zvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari maari.

– 2 VAKORINDE 5:21

Ishoko rakanaka zvakadini iri! Kristu vakange vasina chivi asi nekuda kwerudo rwavo kwatiri vakatakura chivi chedu kuti isu tive nehukama hwakanaka naMwari Baba. Mwari zvino vavekutitarisa sevanhu vanogamuchirika uye vanomira mukururama panaMwari nekuti takagamuchira Jesu semuponesi wedu.

Pane kuti titye kuti Mwari vakatsamwa uye havafari nesu, tinogona kumira pamberi paKristu tichiziva kuti takagamuchirwa.

Nokuti hakunenyama ingaruramiswa pamberi pake namabasa omurairo; nokuti zvivi zvinoziviswa nomurairo.

– VAROMA 3:20

Ndiko kururama kwaMwari kunovuya nokutenda kunaJesu Kristu kunavose vanotenda; nokuti havasiyani.

– VAROMA 3:22

Zvatinoziva kuti munhu haaruramiswi namabasa omurairo, asi nokutenda kunaKristu Jesu, nesu vo takatenda kuna Kristu Jesu, kuti tiruramiswe nokutenda kunaKristu, tirege kururamiswa namabasa omurairo; nokuti hakune nyama icharuramiswa namabasa omurairo.

– VAGARATIA 2:16

Zvinhu zvakakosha pakukura kwako mumweya kuti uzvione sewakarurama pamberi paMwari kubudikidza nekutenda muna Jesu Kristu. Ichi chipo chinobva kuna Mwari. Kana tikagara tichizvipomera mhosva, tichifunga kuti Mwari vakatitsamwira, tinoshaya simba iro rinodiwa naMwari kuti tifambe mariri. Tinesimba pamusoro paSatani sevatiendi munaJesu asi tinofanira kumira pamberi paMwari takapfeka kururama, kwete marengya ekupomerwa nekutsoropodzwa.

VaEfeso 6 inotaura kuti tinofanirwa kupfeka kururama pachipfuva. Musoja anopfeka chinodzivirira pachipfuva kuchengetedza moyo wake. Chii chaunotenda pamusoro pako? Unotenda here kuti wakamira mukururama munaMwari? Unogona kudaro kana ukaramba wakatarisa zvawakaitirwa naJesu kwete kukanganisa kwaunoita. Uchakanganisa, nokudaro pauchakanganisa, kurumidza kukumbira ruregerero uwane kanganwiwo munaMwari. Ndiyo yega nzira yatingafamba nayo mukururama. Hakusi kururama kwedu kwatinofamba makuri nekuti kururama kwedu kwakafana nemarengya anonyangadza, asi tinogona uye tinofanirwa kufamba mukururama kwaMwari

kubudikidza nekutenda muna Jesu Kristu.

Aya ndiwo maitiro akanaka aungava nawo muhupenyu hwako hutsva semutendi muna Jesu.

Kuzvifadza

Wakasununguka kuti uzvifadze ikozvino, uyezve kuda kwa Mwari kuti uve nemufaro. Usaenzanisa kukosha kwako uchishandisa zvinotaurwa nevanhu. Usaenzanisa kukosha kwako uchishandisa mabatirwo awakaitwa nevanhu kana zvawakaita muupenyu hwako. Mwari vakatoona kuti wakakosha kwazvo zvokuti vakatotuma Mwanakomana wavo kuti akufire, zvinova zvinhu zvinofadza kwazvo.

Bhaibheri rinotidzidzisa pachena kuti Mwari vanoda kuti tive nemufaro muupenyu hwedu, asi izvi hazvingagoneki kana iwe pachako usingafari. Haungakwanisi kutiza upenyu hwako kunyangwe kwenguva kadiki-diki zvako. Kana usingazvifariri pachako zvinoreva kuti uchava nehupenyu hwekusuwa chete.

Unogona kunge wakasiyana nevamwe vanhu vaunoziva, sezvandakangoitawo ini, asi zvakangonaka zvakadaro. Mwari vakatozviita vachiziva. Vakatisika tese takasiyana. Vanofarira zvakasiyana-siyana. Hapana chakakanganisika pauri, uri munhu akasikwa akasiyana nevamwe usazvifananidze neumwewo munhu, wakakosha zvakanyanya kudarika zvinhu zvinogadzirwa zvichitevedzera zvimwe.

Usazvienzanise nevamwe vanhu nekugara uchikwikwidzana navo (2 VaKorinde 10:12). Iva zvauri uye farira zvauri. Unofanira kushanduka munzvimbo dzakasiyana -siyana sezvatakaitawo tese, uye Mweya Mutsvene achange achishanda kwazvo muupenyu hwako achikushandura. Chinofadza ndechekuti wakasununguka kuzvifarira zvako apo basa rinenge richiitwa muupenyu hwako.

Chitsauko 8



KUTSINHANISA KUTYA NEKUTENDA

✿ Tese tinoziva kuti kutya kunoita sei. Kunotambudza uye kunokonesa zvinhu kufamba. Kutya kunogona kutibvundisa, kubudisa ziya, kupedza simba, kana kutiza zvinhu zvatnofanirwa kusangana nazvo.

Kutya hakubvi kunaMwari. Chombo chaSatani chinotikanganisa kurarama hupenyu hwakanaka uhwo Mwari vanoda kuti tirame (2 Timotio 1:7). Mwari vanoda kuti tirame mukutenda. Kutenda kuzendama kwehunhu wedu hwese panaMwari nekuvimba zvachose musimba, ruzivo nokugona kwavo. Kutenda humbowo hwezvinhu zvisati zvaonekwa uye kugamuchira kuti zvatovapo.

Kutenda kunoshanda mumweya. Pamwe iwe wakatojaira kutenda zvinhu zvaunenge waona nekunzwa chete, asi semwana waMwari unofanirwa kugona kugara mumweya. Hatigoni kuona Mwari nemeso edu nekuti Mwari Mweya, asi tinotenda kwazvo maari. Hatiwanzoona ngirozi, asi shoko raMwari rinoti dziripo dzakatikomberedza dzinotichengeta. Patinoisa kutenda kwedu munaMwari nemushoko ravo, tinobva tagona kusvika muMweya totora zvinhu izvo zvatnopiwa naMwari zvatinenge tisati tavanazvo panyama.

Satani anofarira kuti titarisise zvakatikomberedza obva aedza kuti

titye ramangwana redu. Nerumwe rutivi, Mwari vanoda kuti tivimbe navo, tichitenda kuti vane simba kudarika zvese zvingatikomberedza kana kutyisidzirwa kwatingaitwe naSatani.

Bhaibheri rakazara nevarume nevakadzi vakapinda mukumanikidzika, vakapedzisira vazara nekutya. Asi vakasarudza kuisa kutenda kwavo munaMwari vakasunungurwa. Unofanirwa kusarudza kuti uchararama mukutya here kana kuti mukutenda. Kunyangwe wave muKristu unokwanisa kurarama hupenyu uzere nekutya kunze kwekuti watosarudza kurarama nokutenda. Wagamuchira Jesu nekutenda: danho rinotevera ndero kudzidza kurarama nekutenda.

Nokuti mairi kururama kwaMwari kunoratidzwa kunobva pakutenda kuchienda kukutenda; sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Wakarurama uchararama nokutenda. – VAROMA 1:17

Patinonzwisisa rudo rwaMwari nekuona kuti tayanani swa naMwari kubudikidza nekufa nekumuka kwaJesu, zvinotiitira nyore kufamba mukutenda. Tinobva tatanga kuvimba kuti Mwari vanotichengeta kwete kuti isu tinofanirwa kuzvichengeta.

Kushinga hazvirevi kuti kutya hakupo asi zvinoreva kuti uri kuita chinhu kunyangwe urimukati mekutya. Apo Mwari vanoudza varanda vavo kuti vasatye vaisavaraira kuti vasanzwe kutya asi kuti vateerere Mwari zvisingatarisi zvavanonzwa. Mwari vanoziva kuti mweya wekutya unoramba uchiedza kutidzorera kumashure pakufamba kwedu navo. Ndosaka vachiramba vachitiudza mushoko ravo kuti vanesu nguva dzose, nekuda kwaizvozvo hatifanirwi kutongwa nekutya.

Munyori anonzi Eleanor Roosevelt akati “Unowana simba, hushingi, nechivimbo kubudikidza nezvese zvaunoti wasangana nazvo womira wotarisana nekutya. Unofanirwa kuita zvinhu zvaunofunga kuti haukwanisi kuita.

Simbai, mutsunge moyo, musatya kana kuvhunduswa

navo; nokuti Jehovha Mwari wako ndiye unoenda newe, haangakuregi, haangakusiya. – DHETERONOMI 31:6

Kutenda kwedu kunofadza Mwari. Tinogamuchira kubva kunaMwari nekutenda. Ndiyo mhaka zvakakosha kuti mutendi mutsva munaKristu adzidze nezvekutenda nekufamba mukutenda. Kukura nekusimba mukutenda kwako kunouya nenzira yakafanana nekukura nekusimba kunoita tsandanyama. Unosimbisa kutenda kwako zvishoma nezvishoma.

Mateo 17:20 inotidzidzisa kuti zvese zvinogoneka kune uyo anotenda. Kunyange kutenda kushomane kunobvisa makomo ematambudziko muupenyu hwedu. Zvichida wapedza hupenyu hwako hwese uchiedza kugadzirisa matambudziko ako zvobva zvakushungurudza nekukugumbura. Kana zvirizvo chiziva kuti wave pedyo kuona zvitsva. Iyezvino wavekukwanisa kutaura naMwari uchinamata, wovadaidza kuti vakubatsire panezvole zvinokunetsa, uchaona kuti zvakaomera munhu zvinogoneka naMwari.

Uchaitirwa zvinoenderana nekutenda kwako (Mateo 9:29). Unogona kunge wairarama mukutya hupenyu hwako hwose asi zvino yasvika nguva yekuti utsinhanise kutya nekutenda munaMwari. Zvinhu zvese panyika zvinoshanda nemurairo wekukura zvishoma nezvishoma. Pashoma-pashoma zvinhu zvese zvinoshanduka kana tikaita sezvatinenge taudzwa naMwari.

Chitsauko 9



IVA NEMUFARO MUHUPENYU

✿ Mbavha inongovuya, kuti ibe nokuvuraya nokuparadza. Ini ndakavuya, kuti ave novupenyu, vuye ave nobwakawanda JOHANE 10:10.

Jesu vakafa kuti iwe ukwanise kufara muupenyu hwako. Izvi hazvirevi kuti uchawana zvese zvaunoda usingatambudziki. Zvinoreva kuti muhukama hwako naMwari, uchakwanisa kusimuka pamusoro pekusuwa kwenyika ino ugokwanisa kurarama muhupenyu hwekumuka kwaJesu munaMwari uchiraramira Mwari kubudikidza nesimba raMweya Mutsvene.

Mwari ndivo hupenyu hwedu. Mavari ndimo matinogara, matinofamba uye matiwana zvese zvedu. Kudzidzira kufara munaMwari kunoita kuti ugare uchifara muupenyu hwako mazuva ose. Farira kugara uchitandara muhuvapo hwavo. Mwari vanobatikana nezvinokubata iwe, uye Bhaibheri rinoti Mwari vachanatsa zvese zvinokubata. Varikushanda muupenyu hwedu nguva dzose, vachikusvitsa zvakazara, mukuda kwavo.

Usatye Mwari nenzira isiri iyo. Tinofanirwa kuvatya zvineruremekedzo. Zvinoreva kuti tinofanirwa kuvaremekedza uye kuziva kuti vane masimba ose zvakare vanoreva zvavataura. Asi hatifanirwi kutya kuti Mwari vanotsamwa pese patinokanganisa kana

kuti vachatiranga pese patinotadza kuita zvakanaka. Mwari vane tsitsi uye havakasiki kutsamwa. Vanemoyo murefu uye vanoziwa chimiro chedu, vanonzwisisa hutera hwedu nekusasimba kwedu.

Kana wakafanana nesu vamwe tose, unezvakanaka muupenyu hwako nehunhu hwako zvinofanirwa kushanduka- Mwari vachazvishandura. Chinofadza ndechekuti unokwanisa kufara munaMwari nemuupenyu hwako ivo Mwari vachitokushandura.

Hupenyu hwaunahwo iyezvino hunogona kunge husiri ihwo hwaunoda kuguma uinahwo, asi ndihwo hwaunayo kwazvino nokudaro unofanirwa kutanga kufara mahuri. Tsvaga zvakanaka mahuri. Ita kuti zvakanaka zvioneke wodzidza kuona zvakanaka muzvinhu zvese. Fara nemhuri yako neshamwari dzako. Usatanga kuvatsoropodza uchiedza kuvashandura. Vanamatire urege Mwari vashandure vega.

Fara nebasa rako, nekumba kwako uye nehupenyu hwako hwezuya nezuya. Izvi zvirinyore kana uchitenda munaMwari uye ukasarudza kuva ne maitiro akanaka. Ramba wakatarisa panaMwari kwete kutarisa zvakaipa pauri, muupenyu hwako, mhuri yako kana munyika . Mwari vane hurongwa hwakanaka newe uye vatotanga kutohuisa mugwara. Unogona kutotanga kupembera wakamirira zvakanaka zvichauya pamberi.

Vanhu vazhinji vanorarama sekuti havangagoni kurarama vachifara kana vaine dambudziko muupenyu hwavo, asi uku kufunga kwakararika. Usaramba wakabaturira pakutadza kwako kwakare. Ramba uchifunga nezvehupenyu hutsva hwakanakisa muna Jesu Kristu. Unogona kufadzwa nechese chaunosarudza. Rangarira kuti ndirikukudzidzisa nzira itsva yekurarama nayo, uye kuti maonero ako ehupenyu anechekuita naizvozvo zvikuru.

Ini ndadzidza kufara nekunakidzwa nepandiri ipapo, ndiri munzira yeupenyu, ndinokukurudzira kuti newewo udaro. Pane zvakanaka izvo Mwari vanogona kuita muupenyu hwako uye havadi kuti usuwe

apo vanenge vachiita izvi. Sezvinoita vana vacheche kuti vanofanirwa kukura, makristu anofanirwawo kukura. Maitikiro acho anotora nguva yakakura kudarika zvatingade kuti aiite, asi hapana chikonzero chekusafara uri murwendo rwacho.

Mwari havatarisiri kuti uve wakakwana pazuva ranhasi. Ivo vanotoziva kuti haungagoni kuva wakakwana kana uchirarama pano panyika. Asi zvakadaro, vanotarisira kuti tese tishingairire kuenda mberi. Tinofanirwa kumuka zuva nezuva tichiedza nemoyo wose kushumira Mwari. Tinofanirwa kugamuchira kutadza kwedu tokumbira ruregerero pazvivi zvedu, tiine chido chekusazotadzazve. Tikaita izvi Mwari vachabva vaita zvimwe zvese. Vacharamba vachishanda nesu kubudikidza naMweya Mutsvene. Vachatidzidzisa, vachatishandura, uye kutishandisa. Watopinda mukurarama kutsva, uye ndinotenda kuti hauzodzokeri kumashure. Fara munaMwari, fara neupenyu hwako hwakafirwa naJesu kuti vakupe.

MUNAMATO WERUPONESO



Mwari vanokuda uye vanoda kuva nehukama hwakanaka newe. Kana usati wagamuchira Jesu seMuponesi wako, unogona kuvagamuchira zvino. Zarura moyo wako kwavari unamate munamoto uyu.....

“Baba, ndinoziva kuti ndakakutadzirai. Ndinokumbirawo mundiregerere. Ndigezei ndishambidzike. Ndichavimba naJesu, Mwanakomana wenyu. Ndinotenda kuti akandifira – Akatakura zvivi zvangu paakandifira pamuchinjikwa. Ndinotenda kuti akamuka kuvakafa. Ndinopira hupenyu hwangu kunaJesu zvino.

Ndinokutendai Mwari nechipo chekuregererwa uye neupenyu husingaperi. Ndino-kumbira kuti mundibatsire kuti ndikuraramirei. Muzita raJesu, Amen.”

Sezvo wanamata nemoyo wose, Mwari vatokugamuchira, vakuchenesa uye vatokusunungura kubva muusungwa hwekufa pamweya. Tora nguva yekuverenga magwaro aya ukumbire Mwari kuti vataure newe paunenge uchifamba navo murwendo rweupenyu hutsva.

Johane 3:16

Vaefeso 1:4

1 Johane 1:9

1 Johane 5:1

1 Vakorinde 15:3-4

Vaefeso 2:8-9

1 Johane 4:14-15

1 Johane 5:12-13

Namata ukumbire kuti Mwari vakubatsire kuwana kereke inotenda kuBhaibheri kuti ugokurudzirwa kukura muhukama hwako naKristu. Mwari vanogara vanewe. Vachakutungamirira zuva nezuva vachikuratidza kuti ungararame sei muupenyu hunopfachukira hwavakakugadzirira!

NHOROONDO YEMUNYORI



JOYCE MEYER ndemumwe wevadzidzisi vebhabheri vanemukurumbira pasi rese. Mu *New York Times* ndiye munyori ari pamusoro pevanyori vose. Akanyora mabhuku anosimudzira vanhu anodarka makumi manomwe, anosanganisira *The Confident Woman, I Dare You*, mabhuku ose e *Battlefield of the Mind*, bhuku rake rekutanga rengano The Penny nemamwe mazhinji. Akaburitsa zvidzidzo zvenhau zvichisanganisira nemavhidhiyo. Chirongwa chake che *Enjoying Everyday Life* chepa nhepfenyuro nepachivhitivhiti chaitepfenyurwa pasi rose. Anofamba zvikuru achiita misangano. Joyce nemurume wake Dave, vabereki vane vana vana uye vanogara mumusha we St. Louis, ku Missouri.